

**Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ ядогуашэ**

2-нэ нап.



**Адыгейм «вагъуэщIэ» къыщызэщIоблэ**

3-нэ нап.



**Къалэ Мухьэмэд и урым зекIуэр**

3-нэ нап.



**Макъамэр зи псэм хэлъ Нэхей Аслъэн**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№146 (24.272) ● 2021 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Дэ тщыгъупщэнукъым**



4-нэ нап.



# ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным трагъащIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм щыхагъэхьащ партыр илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу Москва щрагъэкIуэкIа XX съездым. Абы нэмыщIу Генеральнэ советым щылэжьэнущ КъБР-м и лIыкIуэу цIыхуитI - УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Щхьэгуэш Адэлбийрэ Геккиев Зауррэ.**

СЪЕЗДЫМ щаубзыхуащ къулыкъухэм пэрытынухэр, блэкIа илъэситхум ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр къыщапщытэжащ, 2021 гъэм екIуэкIа хэхыныгъэ Iуэхухэм щыхэплъэжащ, апхуэдэуи Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм «Урысей зэкъуэтыр» зэрыщытекIуа «цIыхубэ программэр» гъэзэщIа хъунымкIэ Iэмалхэр щызэпкъралхащ.

Пленарнэ зэхуэсым дистанционнэу къыщыпсэлъащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Абы къыхигъэщащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, къэралым и щхьэхуитыныгъэр гъэбыдэнымкIэ, экономикэм зегъэужьынымкIэ, къэралым и пащхьэ къит къалэн инхэр зэфIэхынымкIэ партым жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ къызэрыдэхуэр.

Партым и лэжьыгъэм къэрикIуахэм щытепсэлъыхьым, къэрал Iэтащхьэм жиIащ: «Илъэс 20-м къриубыдэу партым хэкупсэ гупсысэкIэ иIэу ди Iуэху дигъэкIащ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр нэрылъагъу щыхъуащ Урысейм и щхьэхуитыныгъэр хъумэным епхауэ къытлъыкъуэкI Iуэхухэм, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къалэнхэм, политикэ ухуэкIэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъыр зыхуэпабгъэхэр зэгъэхъулIэным, экономикэм зегъэужьыным, псэукIэм теухуа гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ хэкIыпIэхэр къэгъуэтыным, унагъуэмрэ сабийхэмрэ защIэгъэкъуэным ятеухуа Iуэхугъуэхэм».

Путин Владимир и жэрдэмкIэ, и дэIэпыкъуныгъэкIэ партым и программэ нэхъыщхьэм хагъэхьащ цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр - унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр, щIалэгъуалэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр, къуажэ курыт еджапIэхэр зэгъэпэщыжыныр, кхъахэ хъуа унэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIыныр.

Путиным къыхигъэбелджылыкIащ партым хэтхэм цIыхухэр зыгъэпIейтей псомкIи зэрадэIэпыкъуфын Iэмал зэраIэр, щыIэ хэкIыпIэхэр къызэрагъэсэбэпыфынур.

КIуэкIуэ Казбек интернетым щиIэ напэкIуэцIым щитхащ: «ФокIадэм екIуэкIа хэхыныгъэхэм япкъ иткIэ, «Урысей зэкъуэтыр» УФ-м и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм зэрыхэхуа «цIыхубэ программэм» хэт проектхэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ».

«Урысей зэкъуэтым» ди лъахэм щызэфIигъэкI лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу республикэ Iэтащхьэм къыхигъэщащ 2022 гъэм, 2023 - 2024 гъэхэм ятещIыхьа федеральнэ бюджетым теухуа закону блэкIа тхьэмахуэм Къэрал Думэм къищтам ди хэгъэгум ехьэлIа, республикэм и цIыхухэм я щыIэкIэпсэукIэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр зэрыхагъэхьар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи: УФ-м и федеральнэ бюджетым и проектым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэсэбэпыну иджыри сом меларди 6 къызэрыратынур. Абы щыщу меларди 2-м щIигъур курыт еджапIэхэр ухуэным трагъэкIуэдэнущ. Ахъшэм щыщ трагъэкIуэдэнущ Онкологие диспансерыр, Налшык къалэ поликликэр, ЩIалэгъуалэм я уардэунэр ухуэным, апхуэдэуи псы зэрыкIуэ бжьамийхэр зэхъуэкIыным, Налшык къалэ къат куэду зэхэт унэхэм я хъуреягъыр дахэу зэгъэпэщыным. Абы къищынэмыщIауэ, «Къуажэ гъуэгухэр» программэм - сом мелуан 430-рэ, «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым сом мелуан 230-рэ трагъэкIуэдэнущ.

Апхуэдэуи республикэ бюджетым зыхущыщIэр халъхьэн папщIэ сом мелард 15,4-рэ къыхуаутIыпщынущ. Къамылъыта Iуэхухэм трагъэкIуэдэн, бюджет IэнатIэм пэрытхэм я улахуэр хэгъэхъуэн папщIэ сом мелун 800 кърatынущ.

«Урысей зэкъуэт» партым и «цIыхубэ программэм» хыхьэ проект псори зыхуэунэтIар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Путиным зыкъызэрытхуигъэзами нэхъыщхьэу хэлъыр Хэкум, цIыхубэм я зыужьыныгъэм епха лэжьыгъэрщ, зэкъуэтыныгъэрщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Зыгъэпсэхуак1уэхэм поплъэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Кавказ.РФ» АО-м и унафэщI ТIымыжь Хьэсэн щIыгъуу «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ. Абы щаублащ щIымахуэ лэжьэгъуэр. КъызэралъытэмкIэ, курортыр хуэхьэзырщ зыгъэпсэхуакIуэхэр кърихгъэблэгъэну. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнумэ, абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ зыгъэпсэхупIэм нэхъ ри зэрызрагъэужьынум. Абы яублагъэххэу ухуэныгъэщIэхэр щрагъэкIуэкI. «Кавказ РФ»-р пэрыуващ электричествэм, хуэIухуэщIэ центрым, автомобиль 800-м я гъэувыпIэм я проектхэм.







ЩIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм хуагъэхьэзыращ къежэхыпIэхэм уэс зэрытракIутэ техникэщIэр. «Эльбрус» курортым езым я къегъэлакIуэ службэр мэлажьэ. Станцэ къэс шхапIэ иIэщ, Wi - Fi-кIэ къызэгъэпэщауэ.

ТIымыжьым зэрыжиIамкIэ, Урысейм и кIапсэ гъуэгу нэхъ лъагэ дыдэм и кIуэгъуищ къызэрагъэпэщынущ икIи ахэр нэхъ гугъуу ябжхэм хуэдэу щытынущ: «Мир» станцым къыщежьэу «Кругозор»-м нэс кIуэхэр - километр тIурытI я кIыхьагъыу, метр 3 500 лъагагъым щыIэ къежэхыпIэ плъыжьымрэ щIыхумрэ, километр 1,2-рэ зи кIыхьагъ, метр 3847-кIэ дэкIуей къежэхыпIэ плъыжьыр.

ЦIыкIухэм папщIэ къызэIуахынущ «Saby Park» зыфIаща, абыхэм зыщагъэсэн джабэ нэкIур. Лэжьэн щIадзащ «Кругозор» станцым икIыу «Гарабаши»-м ухуэзышэ гъуэгухэм. Лъэрыжэ къыщежэх гъуэгухэм кIэлъыплъащ, ягъэхьэзыращ. Мы щIыпIэм къакIуэхэм уз зэрыцIалэм зэрызыщыпхъумэну щыIэ Iэмалхэр ягъэзэщIэн хуейщ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ПсапащIэ Iуэхухэм езым фIэфIу хэтым (волонтёрым) и махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ПсапащIэ Iуэхухэм езым фIэфIу хэтым (волонтёрым) и махуэмкIэ!

А махуэм дэ догъэлъапIэ хэлъэт, гулъытэ зыхэлъ цIыху гумызагъэхэр, псэкупсэ къабзагъэм и щапхъэ къагъэлъагъуэу жылагъуэм хьэлэлу хуэлажьэхэр.

Къыхэбгъэщыну гуапэщ псапащIэ Iуэхум хуэунэтIа зэщIэхъееныгъэм хэтхэр иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу нэхъыбэм зэралъэIэсыр, абыхэм я Iулыджми зэрыхэхъуар. Къыхэфлъхьэ жэрдэмыщIэхэмрэ зэфIэвгъэкIхэмкIэ фэ иужь фитщ фыкъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрми Хэкуми фахуэщхьэпэну, жыджэру фыхэтщ цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэмрэ акцэхэмрэ.

ФIыщIэ хэха хуэфащэщ коронавирус узыфэм пэщIэтын и лъэныкъуэкIэ фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм. А узыфэр къызэрежьэрэ медицинэ, социальнэ лэжьакIуэхэм ящIыгъуу фэ япэ сатырхэм фыхэту абы фыпэщIэтщ, цIыхухэр зыхэхуа гугъуехьхэр ящыгъэпсынщIэным яужь фитщ, жьы хъуахэм, хуэмыщIауэ псэухэм защIывогъакъуэ.

ФIыщIэ фхузощI фи къару фемыблэжу, хьэлэлу фызэрылажьэм папщIэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм я лъэIухэм фазэрыпэджэжыфым, фи гу хуабагъэм папщIэ. Узыншагъэ быдэ фиIэну, зэIузэпэщу дунейм фытетыну, цIыхугъэ нэс къэвгъэлъагъуэу евгъэкIуэкI Iуэхушхуэм ехъулIэныгъэхэр къыщыфхьыну си гуапэщ.

**● «Адыгэ псалъэр» къыхызох**

# НэхъыжьыфIхэм я щапхъэм дытету

**Ди лъэпкъыбзэмкIэ республикэм къыщыдэкI газет закъуэр ди унагъуэм щIэсхэм фIыуэ долъагъу, щIэщыгъуэу сыт щыгъуи доджэ икIи абы и къыдэкIыгъуэхэм дыпоплъэ. Шэч хэмылъу, ахэр нэхъ мащIэ зэрыхъуами дегъэпIейтей. Газетым сыт щыгъуи идогъуатэ ди щIыналъэм, къэралым, хамэ щIыпIэхэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ятеухуа хъыбархэр.**

СЭ адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэд лъандэрэ щызогъэдж Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм. Адыгэхэм нэмыщI, ди жылэм дэсщ урысхэри нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщхэри. Псори дызэгурыIуэу, пщIэ зэхуэтщIу дызэдопсэу, щIэблэр фIым зэрыхуэдгъэсэным дыхущIэкъуу. Ди хабзэращи, цIыхур зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, абы пщIэ худощI и дуней тетыкIэ дахэмрэ и IэужьыфIхэмрэ папщIэ.

Щхьэж и бзэм, и щэнхабзэм гулъытэ хэха зэрыхуэтщIыжыным дыхущIокъури, абыхэмкIэ дэ, адыгэбзэр езыгъэджхэм, сэбэпышхуэ къытхуохъу «Адыгэ псалъэ» газетыр. Ар лэжьыгъэм дапщэщи къыщыдогъэсэбэп, напэкIуэцI хэхахэм ит тхыгъэхэм ящыщ куэд дерсхэм щызэпкърыдох, дащытопсэлъыхь. Адыгэбзэм и пщIэр жылэми щыинщ. Гу зэрылъыстащи, ди газетым яфIэгъэщIэгъуэну йоджэ къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэри ныбжьыщIэхэри.

«Адыгэ псалъэ» газетыр ныбжьэгъуфIу сызэриIэрэ куэд щIащ. АбыкIэ щапхъэ схуэхъуащ Тамбовскэ жылэм дэт курыт школым анэдэлъхубзэр щызэзыгъэджахэр. Ди егъэджакIуэхэр куэдрэ къытхуеджэрт абы къытехуэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Iуэху зэхуэмыдэхэм ехьэлIа гупсысэхэмкIэ псоми къыддэгуашэрт. А нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм сытету си IэщIагъэри къыхэсхащ, сызэрылажьэм хуэдэурэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ сыщыхуоджэ КъБКъУ-м. Лэжьыгъэм къыщызогъэсэбэп газетым къытехуэ тхыгъэхэу лъэпкъ, хэкупсэ гъэсэныгъэм, адыгэм и тхыдэм, хабзэ-нэмысым ехьэлIахэр. Абыхэм ди щIэблэм я дуней еплъыкIэр яузэщI, гупсысэр нэхъ куу ящI.

Ди лъэпкъым ифI зезыхуэ, и зыужьыныгъэм хуэлажьэ «Адыгэ псалъэр» яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми.

**ШЫДАКЪ Майе,**
*егъэджакIуэ.*
*Тэрч щIыналъэ.*



# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!**

**ЩIидзауэ йокIуэкI 2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэныр.**

НЭХЪ фыдэзыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Iэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуахьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) къыщыватыжыну къалэн зыщещIыж КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэм.

КъыдэкIыгъуэхэм Iэ тедзэным теухуа фи упщIэхэм жэуап кърatыжынущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ мази 6-м ди газетым и уасэр:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 724-рэ кIэпIейкIэ 80-рэщ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 660-рэщ.

**Ди индексыр П 5894**

## Ди къуэш республикэхэм

### Газыр псоми ялъэIэсынущ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ «Газпром Межрегионгаз Черкесск» ООО-м и генеральнэ унафэщI Москаленкэ Сергейрэ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Поляков Евгенийрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ щIыналъэм газ здынэмысауэ иIэ щIыпIэхэм ар шэным.*

«КЪЭРАЛЫМ и Президент Путин Владимир къытхуигъэувa къалэнхэр дгъэзэщIэн папщIэ дэ деужьэрэкIащ щIыналъэ псоми газыр нэдгъэсыну. Абы папщIэ хэгъэгу штаб къызэдгъэпэщри, псори къедгъэпщытащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и къуажэ 79-м дэс унагъуэ 5630-м газ яIэкъым. Мы илъэсыр икIыху унагъуэ 987-м пщIэншэу бжьамийхэр етшэлIэнущ. ЕтIанэгъэ псори зэщIэдгъэхьэну ди мурадщ», - жиIащ КъШР-м и Iэтащхьэм.

### ЛъэныкъуитIыр зэпащIэ



АБХЪАЗ. *АР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутатхэр иджыблагъэ Тыркум щыIащ. Парламентым и депутат Логуа Астамур зэрыжиIамкIэ, лъэныкъуэхэр зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Абхъазымрэ Тыркумрэ хы гъуэгукIэ зэпыщIэныр.*

«ДЭ хы ФIыцIэм и мыдрыщIкIэ, ди къуэшхэр хым и адрыщIкIэ дызэлэжьын хуей Iуэхущ ар. ХымкIэ Тырку Республикэми нэгъуэщIхэми запытщIэнымкIэ 2022 гъэм мыхьэнэшхуэ иIэну къызолъытэ», - жиIащ депутатым.

Иджыпсту абхъаз хэхэсхэр кхъухьлъатэкIэ Сочэ нэс къакIуэу аращ, я хэкужьым къихьэжын папщIэ. Языныкъуэхэм а гъуэгуанэри абы щIат уасэри къатохьэлъэ. Логуа зэрыжиIамкIэ, хы гъуэгум я къуэшхэмрэ езыхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри игъэбыдэнущ, къищынэмыщIауэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэ куэд къыпэкIуэнущ.

### QR-кодыр къагъэсэбэпыным арэзы тохъуэ

АДЫГЕЙ. *Къэрал Советым - Хасэм и депутатхэм Iэ яIэтащ «Санитар-эпидемиологие щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыным теухуауэ» федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ арэзыуэ. Абы къегъэлъагъуэ жылагъуэ зэблэкIыпIэхэм QR-кодыр къыщыгъэсэбэпыныр дяпэкIэ зэтеублэныр хэгъэгум зэрыдиIыгъыр.*

«КЪЭРАЛ Советым - Хасэм и УнафэщIым къыхилъхьа законым и проектым комитет псоми щыхэплъащ. Псори зэпкърыхауэ егупсыса нэужь, даIыгъыну мурад ящIащ», - жиIащ Социальнэ политикэмкIэ, унагъуэ IуэхухэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI Широковэ Наталье. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, а мардэр дэIыгъыным теухуауэ цIыхубэми зыкъыхуагъэзащ Парламентым. КъищынэмыщIауэ, ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу Адыгейм щыIэр, бизнес-омбудсменыр, Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр, медицинэм и лэжьакIуэхэр къыщыпсэлъа зэIущIэшхуи екIуэкIащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советым теухуауэ
## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ехьэлIа къэрал политикэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм егъэщIылIауэ лэжьэну къызэгъэпэщын Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ совет.

2. Къэщтэн мы Указым щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советым теухуа положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советым хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ,*
*2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м*
*№125-УГ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советым
## ХЭТХЭР

**КIуэкIуэ К. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и унафэщIыщ)*

**Хъубий М. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр (*Советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Бэрэгъун Р. Э.** - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр

**Белобородовэ А. Б.** - «Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и актрисэр

**Беппаев М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Гъэсашэ Н. Къ.** - РСФСР-м и цIыхубэ артисткэр, «Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм уэрэд жыIэнымрэ дирижёр IэщIагъэмрэ хуегъэджэнымкIэ и кафедрэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Джазэ Т. А.** - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и уэрэджыIакIуэр

**Гуданаев Б. Д.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ сурэтыщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Гуртуевэ Л. Э.** - «Балкария» къэрал IуэрыIуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамбль» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и артисткэр

**Жаникаев Э. С.** - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и хорым и артистыр

**Жилач С. М.** - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и артисткэр

**Къэзанш О. Хь.** - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и лектор-музыковедыр

**Котляровэ М. А.** - Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

**Кулиевэ Э. Э.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къумал З. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

**Логоватовский Ю. С.** - Урысейм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Мэзло Р. З.** - Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

**Мамбэт М. Хь.** - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и уэрэджыIакIуэ пажэр

**Моттаев Т. С.** - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и артистыр

**Опрышкэ О. Л.** - тхакIуэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

**Пащты (Пащт-Хъан) А. Г.** - графикыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Респбуликэм и цIыхубэ сурэтыщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Рахаев А. И.** - «Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

**СэвкIуий Хь. В.** - Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Саприкинэ Г. М.** - «Аруан щIыналъэм ЩэнхабзэмкIэ и унэ» щэнхабзэмкIэ муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Темыркъан Г. Хь.** - Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Тхьэгъэзит Ю. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**Хьэмдэхъу Ж. М.** - «Къэбэрдей-Балъкъэрым нэфхэм папщIэ щыIэ библиотекэ» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр

**Харенкэ С. И.** - «Днипро» украин лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и унафэщIыр (зэгурыIуауэ)

**ХьэIупэ Дж. Къу.** - Урысейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**КIэхумахуэ Ф. Н.** - «ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и артисткэр

**Щэбэтыкъуэ Ю. В.** - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и балетым и артисткэр

**Шинкаревэ Н. П.** - «Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

### «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ
## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыхилъхьар, япэ къеджэгъуэу къэщтэн.

2. Мы Унафэр яхуегъэхьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и фракцэ псоми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ етын, дэфтэрым зэгъэзэхуэжыныгъэхэр хэлъхьэным зыхуэгъэхьэзырыным хыхьэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр етIуанэ къеджэгъуэу щыхэплъэну 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м ирихьэлIэу гъэтэмэмыжа мыпхуэдэ бжыгъэхэр наIуэ къищIыну:

1) «2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа къэрал бюджетым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хухих мылъкури къэлъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетыр зыхуэдизынур;

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ мылъкуу бюджет зэхуаку трансферту муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я бюджетым 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм зэрахуиутIыпщынур.

4. Гъэувын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проекту япэ къеджэгъуэу къащтам хуащIыну зэгъэзэхуэжыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м и пэ къиихуэу хуагъэхьыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым къалэн щыщIын а законопроектым теухуауэ къыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэр, чэнджэщхэр, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр къэлъытауэ елэжьыжыну икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етIуанэ къеджэгъуэу щыхэплъэн папщIэ къыхилъхьэну.

6. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м*
*№407-П-П*

### «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2023 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ
## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым 2022 гъэм, апхуэдэу 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхилъхьар, япэ къеджэгъуэу къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым къалэн щыщIын а законопроектым теухуауэ къыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэр, чэнджэщхэр, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр къэлъытауэ елэжьыжыну икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етIуанэ къеджэгъуэу щыхэплъэн папщIэ къыхилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м*
*№408-П-П*



# Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ ядогуашэ



**ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ республикэ центрым иджыблагъэ зэIущIэ щхьэпэ къыщызэрагъэпэщащ. Бгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ ди щIыналъэм и курыт школхэм я IэщIагъэлI гупым ядэгуэшащ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI-2021» урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм ящыщ, абы и лауреат хъуа, Май къалэм дэт курыт школ №5-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къущхьэ Каринэ.**

СЕМИНАР щIыкIэу екIуэкIа зэIущIэр купщIафIэт икIи хьэлэмэтт. Каринэ егъэджакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ иджырей дерсхэм я зэхэувэкIэ, егъэкIуэкIыкIэ мардэхэм, ныбжьыщIэхэм щхьэхуэу зэрадэлэжьапхъэ щIыкIэхэм, егъэджэныгъэм къыхыхьа иджырей методикэщIэхэм. ЕгъэджакIуэ пашэм зэрыжиIамкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэр дерсхэм я закъуэкъым, атIэ классщIыб лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэ мардэхэми сабийхэр дэзыхьэх хьэлэмэт куэд хэлъщ. А унэтIыныгъэмкIэ къулейщ езы Каринэ и лэжьэкIэр. А псоми зэпкъырыхауэ егъэджакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ Къущхьэр. КъыкIэлъыкIуэу абы жэуап яритащ республикэм и щIыпIэхэм къикIа, предмет зэмылIэужьыгъуэхэр сабийхэм езыгъэджхэм. Апхуэдэу егъэджакIуэ пэрытым фIыщIэ ин яхуищIащ апхуэдэ зэпеуэ купщIафIэ къызэзыгъэпэщахэми.

- «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэр хуабжьу сэбэпщ пхузэфIэкIым уеплъыжыну, адрейхэми ябгъэдэлъ Iэзагъхэм уакIэлъыплъыну, - жиIащ Каринэ, зыхэта Iуэхугъуэм щытепсэлъыхьыжым. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт абы сызэрыхэта къудейм куэдым гу лъызигъэтауэ, сыхуиущияуэ къызэрыслъытэр. Си нэгу щIэкIа Iуэху зехьэкIэ пэрытхэм ящыщу, къапщтэмэ, сэ си дерсхэм зыкъом къыщызогъэсэбэп.

Лэжьыгъэм хэта егъэджакIуэхэм хуабжьу яфIэхьэлэмэташ къэралпсо утыкум екIуу зыкъыщызыгъэлъэгъуа ди лъахэгъу егъэджакIуэ ныбжьыщIэр къазэрыдэгуэша Iуэхугъуэхэр. Абыхэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэм щIыналъэм щекIуэкI егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтынымкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

- Нобэрей зэхуэсыр хуабжьу дигу ирихьащ абы къырихьэлIа псоми. ЖыпIэнурамэ, Каринэ ди нэгу къыщIигъэувэжащ зыхэта зэпеуэ цIэрыIуэр зэрекIуэкIамрэ абы къыщапщытэ, нэхъыбэу гулъытэ зыщыхуащI унэтIыныгъэхэмрэ, - жаIащ Псыгуэнсу къуажэм къикIа егъэджакIуэхэм. - Дэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ иджырей егъэджэныгъэм къыхыхьа методикэщIэхэм ящыщ куэдым.

ЗэIущIэ щхьэпэр гунэс ящыхъуащ абы и лэжьыгъэм хэтахэу КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, а министерствэм и къудамэм и унафэщI **Мыз Маринэ**, Iуэхур щекIуэкIа центрым и пашэ **Къэжэр Артур** сымэ.

- Школым щекIуэкI гъэсэныгъэри егъэджэныгъэри нэхъри езыгъэфIэкIуэфыну, нэхъ лъагэжу зыIэтыфыну Iуэхугъуэхэм яхызолъытэ дыкъызрихьэлIа семинарыр. Къущхьэ Каринэ утыкум щиIуэта Iуэху бгъэдыхьэкIэ мардэхэр дэтхэнэ егъэджакIуэми къыщигъэсэбэпыфынущ езым и предметымкIэ иригъэкIуэкI дерсхэм я кIуэцIкIэ. ДызыщыгуфIыкIыращи, техникэкIи технологие пэрытхэмкIи апхуэдэ Iэмал хъарзынэхэр щыщыIэщ иджырей школхэм, - къыхигъэщащ Мысост Екатеринэ. - Ди гуапэ мэхъу къэралпсо зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэм и Iуэху зехьэкIэр, абы ита дерс зэIухахэр зэIущIэм хэтахэм къызэращтам.

Зэхуэсым и кIэухым зэрыщыжаIамкIэ, апхуэдэ семинархэр, мастер-классхэр къызэгъэпэщыным адэкIи пащэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Жылагъуэ палатэм хэтынухэр яубзыхуащ

**2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м екIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтынухэр убзыхуным теухуа хэхыныгъэхэм я ещанэ Iыхьэр. Абы наIуэ къищIащ етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIынухэр.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Закон №26-м и 9-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа Указ №118-УГ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2021 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къищта Унафэ №382-П-П-м тету Жылагъуэ палатэм хагъэхьахэм щэхуу Iэ яIэтри, щIыпIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъэлъэгъуа кандидатхэм ящыщу мы къыкIэлъыкIуэ цIыху пщыкIуийр хагъэхьащ Жылагъуэ палатэм:

1. Абэнокъуэ Владимир Къуэдзыкъуэ и къуэр
2. Алексеевэ Любовь Василий и пхъур
3. Ахъуэхъу Къанщобий Мухьэмэд и къуэр
4. Къагъырмэс Юрэ Сослъэнбэч и къуэр
5. Къаздэхъу Олег Гъумарбий и къуэр
6. Караев Расул Шарабудин и къуэр
7. КIэрэф Мурадин Ахъмэтхъан и къуэр
8. КIарэ Галинэ Анатолэ и пхъур
9. Литвинов Роман Анатолэ и къуэр
10. Мэшыкъуэ Хьэчим Мурид и къуэр
11. Нэгъуей Валерэ Хьэчим и къуэр
12. Созаевэ Алкэ Зейт и пхъур
13. Тезадэ Каринэ Мухьэмэд и пхъур
14. Чеченов Рустам Муса и къуэр
15. Щоджэн БетIал Iэмин и къуэр
16. Щоджэн Мартуз Борис и къуэр
17. Якушенкэ Сергей Николай и къуэр
18. Яхэгуауэ Сергей Сэфарбий и къуэр

# ЩIэблэр зыгъэгушхуэ политик цIэрыIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэу щыта, политик цIэрыIуэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, ФедерацэмкIэ Советым Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен етIуанэу къыхилъхьа StartUp 5642 псапащIэ зэпеуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжри, хьэрычэтыщIэ проект нэхъыфIхэр къыхахащ.**

КЪАНОКЪУЭ Арсен зэпеуэм хэта, зи проектхэр утыку къизыхьа псоми фIыщIэ яхуищIащ. Апхуэдэу къыхигъэщащ проект нэхъыфIу къалъытэхэр IэIэткIэ къэзыгъэлъэгъуахэри.

- Быдэу си фIэщ мэхъу Iуэхум хэта дэтхэнэми фи зэманыр пщIэншэу зэрывмыгъэкIуэдар. Зэпеуэм и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэр зыхуэныкъуэ хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зыужьыныгъэхэр зэрагъуэтынум, IэнатIэщIэхэр къызэрыунэхунум шэч къытесхьэркъым, - жеIэ Къанокъуэм. - Си дэIэпыкъуэгъухэм къапщытэжащ зэпеуэм хэта дэтхэнэми и проектым ехьэлIа цIыхубэ IэIэтым кърикIуахэр. Зэрыдубзыхуам тету, зи IэIэтыр езыр-езыру къыщIэзыгъэлъахэм я баллхэм хагъэщIын хуей хъуащ. Абыи фыкIэлъыплъыну Iэмал фиIэщ. Зэпеуэм щытемыкIуахэр фи хъуэпсапIэм адэкIи фызэрылъэIэсынум фыхущIэкъуну, фи къарумрэ зэфIэкIымрэ хэвгъэхъуэну фыкъыхузоджэ!

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ проектхэм мыхьэнэ зиIэ куэду яхэтами, нэхъыбэм къабыл ящIа проектипщIыр япэ зэрырагъэщар.

Япэ грантищыр къэзыхьахэм мелуан зырыз иратащ. Ахэр Къущхьэ Радимэ (лъэпкъ фащэхэр щад икIи бэджэнду щат лъэщапIэ къызэIухыным теухуар), Алтуев Рустам, Джэрыджэ Аслъэн, Хьэгъэбанэ Илонэ («Forester» турист IуэхущIапIэ къызэIухын), Слъон Алим («Лъэпщ» зи фIэщыгъэ, ХХ лIэщIыгъуэм и адыгэ уардэунэм и ухуэныгъэ).

Къурашэ Къэнэмэтрэ Жыкъуэ Миланэрэ я проектхэм щхьэкIэ дэтхэнэми сом мин 500 хуэзэу иратащ. Сом мин 250-рэ хуагъэфэщащ Дохъушокъуэ Заур, Бакъей Анетэ, Къанкъул Алим, Къумахуэ Дианэ, Хьэкъун Астемыр сымэ я лэжьыгъэхэм.

КъищынэмыщIауэ, зэпеуэр къыхэзылъхьа Къанокъуэ Арсен и хуитыныгъэр къигъэсэбэпри, езым нэхъ игу дыхьа проектхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIахэм грант зыбжанэ иритащ. Апхуэдэщ, зи ныбжьыр илъэс 11 хъу, Iуэхум хэтхэм я нэхъыщIэ Тхьэмадокъуэ Дианэ (сом мини 100), сом мин 250-рэ ялъигъэсащ Жылэ Илонэ, ЛIызам Мухьэмэд, Бэчбо-Шыпш Залинэ, Жаным Саидэ, Апэжыхь Рэмэзан, Кантиев Заурбэч, ХьэцIыкIу Жантемыр, Жылэгъащтэ Хьэчим сымэ къагъэлъэгъуа проектхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

### Хамэ къэрал къикI ухуакIуэхэм я бжыгъэр ягъэмэщIэнущ

**Илъэс куэд хъуауэ йокIуэкI хамэ хэкухэм къикIа ухуакIуэхэр ди къэралым и дэнэ щIыпIи зэрыщылажьэм, абы къыхэкIыуи ди цIыхухэр IэнатIэншэ хъууэ зэрыхуежьам теухуа псалъэмакъхэр. Ахэр лъабжьэншэуи пхужыIэнукъым, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр гъунэжу щыIэщи, ди нэгу щIокIри.**

УЗБЕКИСТАНЫМ, Таджикистаным, нэгъуэщI хэкухэми гупу-гупурэ къокI «гастарбайтер» зыфIаща лэжьакIуэхэр. Ахэр къэралым и IэнатIэ куэдым пэрытщ, ауэ и нэхъыбапIэкIэ ухуэныгъэм хэтщ. Ди сомыр я хэку ахъшэхэм хуэбгъакIуэмэ, абыхэм фейдэшхуэ яIэщи аращ къыщIэкIуэр - уеблэмэ унэ къызыщIэкIын ди деж зы илъэсым къыщызылэжьхэри щыIэу жаIэ езыхэми икIи «лэжьакIуэ къару пуду» къагъэсэбэпми ядэ.

Къэрал унафэщIхэм гу лъатэу хуежьащ ди щIыпIэхэм щыщу лэжьэфынухэм икIи хуейхэм я пIэ нэгъуэщI хэку къикIахэр къызэриувэм, апхуэдэу щытын зэрыхуэмейм.

УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, а Iуэхум унафэ тращIыхьынущ 2022 гъэм. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, япэщIыкIэ Москва щызэпалъытынущ Урысейм щыщу ухуэныгъэхэм хэтыну хуейхэм я бжыгъэр, иужькIэ наIуэ къэхъунущ хамэ къэрал къикIынухэр зыхуэдизынур. Арыншамэ, урысейхэри щылэжьэн ямыдэу, хамэ къэралхэм я цIыхухэри къэрамыгъэхьэу IэнатIэр къызэтеувыIэнкIэ хъунущ, - жиIащ министрым.

### Илъэси 128-кIэ къэмыхъуауэ

**ЩIымахуэр къихьа къудейми Санкт-Петербург къалэм абы щиткIиигъуэу къэплъытэ хъунущ - илъэси 128-рэ лъандэрэ къыщымыхъуа уае щыIэщ абы: блыщхьэ жэщым щIыIэр градус 21-м щынэблэгъащ «ищхъэрэ къалащхьэм».**

«ФОБОС» центрым и IэщIагъэлI Леус Михаил зэрыжиIамкIэ, ар 1893 гъэм а махуэ дыдэм къалэм щыIам нэхърэ нэхъ щIыIэщ градус 0,4-кIэ.

«Жэщ кIуам термометрхэм къагъэлъэгъуащ щIыIэр градус 20,9-рэ зэрыхъуар. Апхуэдэ илъэсищэрэ тIощIым щIигъуауэ щатхакъым къалэм. ДызыхуэкIуэ махуэм щIыIэр градус 18-м нэблэгъэнущ, областым - 20-м щынэсынущ. Абы къикIыращи, ику иту зэрыщыту десам нэхърэ градус 16 - 17-кIэ щынэхъ щIыIэнущ Санкт-Петербург», - къыхигъэщащ Леус.

**Дыгъэгъазэм и 7,** *гъубж*

♦**ЦIыхухэр къызэрырашэкI авиацэм и дунейпсо махуэщ.** 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Чикагэ (США) Iэ щытрадзащ цIыхухэр къызэрырашэкI кхъухьлъатэхэм я лэжьэкIэр зыубзыху конвенцэм.

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм я инженер-авиацэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Къэрал Эрмитажыр къыщызэрагъэпэща махуэщ.** 1764 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм Бельгием, Голландием щыщ сурэтыщI зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэр къищэхуащ. Аращ дуней псом щыцIэрыIуэ, УФ-м и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ музейм лъабжьэ хуэхъуар.

♦**Арменией щIыр щыщыхъеям хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1958 гъэм** РСФСР-м и тхакIуэхэм я япэ съездыр къызэIуахащ.

♦**1976 гъэм** Тулэ «къалэ-лIыхъужь» цIэр фIащащ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 8,** *бэрэжьей*

♦**СурэтыщIым и дунейпсо махуэщ.** Ар гъэлъэпIэныр 2007 гъэм къыхилъхьауэ щытащ «Дунейм щыпсэу лъэпкъхэм я гъуазджэ» дунейпсо зэгухьэныгъэм.

♦**Урысей казначействэр къыщызэрагъэпэща махуэщ.** 1992 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Федеральнэ казначействэм теухуауэ» законым.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Iэтащхьэ Ельцин Борис, Украинэм и президент Кравчук Леонид, Беларусь Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Шушкевич Станислав сымэ Iэ щIадзащ СССР-р зэрыщымыIэжым, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэр (СНГ) къызэрызэрагъэпэщым теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шэрий Иринэ.**

♦**1953 гъэм** къалъхуащ Сирием щыщ адыгэ кинорежиссёр, Японием, Иракым, Иорданием щекIуэкIа кинофестивалхэм я саугъэтхэр зыхуагъэфэща **Анзор Нэждэт.**

♦**1954 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан.**

♦**1962 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Еутых Iэсият.**

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
**Анэр зыщытхъур и быншци, бынур зыгъэдахэр гъэсэныгъэщ.**

